ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№217-218 (23.626) ● 2017 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 11, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий УФ-м Къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкіэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

Къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкіэ министерствоу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и лэжьакІуэхэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Фи Іэщіагъэм ирилажьэхэм я махуэмкіэ си гуапэу сынывохъуэхъу.

А махуэм дэ догъэлъапІэ лІыгъэрэ тегушхуэныгъэрэ зыхэлъ цІыхуэхэу я къулыкъум къыхуигъэщІакъэр икІи ар зи гъащІэ псом Іэщіагъэ зыхуэхъуакъэр. Блэкіа илъэсищэм и сыт хуэдэ лъэхъэнэмэ къэралым и дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэ а Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм къулыкъуклэ къапэщылъ къалэнхэр зэпэщу ягъэзащІэу къекІуэкІащ. КъыззрымыкІуэу щыт иджырей зэманми полицэм нэгъэсауэ зэфІегъэкІ цІыхуэхэм я шынагъуэншагъэмрэ мамырыгъэмрэ къызэгъэпэщыным, абыхэм законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ я хуитныгъэхэмрэ хъумэным, жылагъуэ хабзэр гъэбыдэным, щІэпхьаджагъэхэм, коррупцэм, терроризмэм япэщІэтыным хуэгъэзауэ къыхуагъэув къалэнхэр.

Шэч къытесхьаркъым къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкіэ органхэм яІэ пщІэм, абыхэм цІыхуэхэм къыхуащІ дзыхьым зэпымыууэ хэхъуэу адэкІи зэрекІуэкІынум.

ФІыщІэ хэхарэ щытхъуэрэ яхуэфащэщ ветеранхэм - гъащІэм быдэу ипсыхьа, Хэкум щхьэмыгъаззу къулыкъу хуэзыщІа цІыхуэхэм.

Псоми си гуапэу сохъуэхъу ехьулІэныгъэ, узынщагъэ быдэ, насып, ефІэкІуэныгъэ яІэну.

Дамыгъэ лъапІэхэр къыхуагъэфащэ

Урысей Федерацэм и Президентым 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м къыдигъэкІа Указ №512-мкІэ **Бейтыгъуэн Мусэбий Нэхьмэн и къуэм**, «Метеорологиемрэ адрей геофизикэ къэхъукъащІэхэмрэ жьыдэжру хэІэбэ Кавказ Ищхъэрэ военизированнэ къулыкъущІапІэ» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и къудамэм и унафэщІым, метеорологием и Іэнатіэм щиІэ фІыщІэмрэ илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыпсалъхьэмрэ папщІэ къыхуагъэфащэщ «Урысей Федерацэм метеорологиемкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр.

* * *

2017 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа унафэ №369-рп-мкІэ **Анахаев Кошкинбай Назир и къуэм**, «Къурш геофизикэ институт» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къуэдзэм, щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьыныжьмкІэ, щІэныгъэ куу зиІэ ІэщіагъэлІэхэр гъэхьэзырыныжьмкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ Урысей Федерацэм и Президентым къыбгъэдэкІыу фІыщІэ къыхуащІащ.

Тырныауз комбинатым и кІэрыхубжьэрыхуэр щахъумэу щыта щІыпІэхэр зэтес ящІыж

Тырныауз комбинатым къыщыщІах рудам щелэжь фабрикэм къыщІэж ятІэпсыр щахъумэу щыта щІыпІэр зэтес щІыжыныр дыдэрыт илъэсым и дыгъэгъазэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІынущ. Абы пыщІа лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ «2012 - 2020 гъэхэм дыкъэзыухъурехь дунейр хъумэныр» федеральнэ къэрал программэм хиубыдэу.

КъБР-м Экологиемрэ щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмкІэ и министерствэм къызэриатмкІэ, ятІэ лъэхъэнэм хиубыдэу зэфІагъэкІыну лэжьыгъэхэм сом мелуан 23,3-рэ текІуэдэнущ. Абы щІыщу сом мелуан 21,5-р - федеральнэ бюджетым, сом мелуан 1,8-р республикэм и бюджетым хуаутІыщынущ. Илъэс къакІуи мы Іуэхум сом мелуан 19 хухахынущ.

Ирагъэжьа лэжьыгъэм икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыту жыпІэмэ комбинатыр щылажьэ лъэхъэнэм зэтрихьа кІэрыхубжьэрыху тонн мелуан 25-м зэраныгъэшхуэ зыпылъ пкъыгъуэ зэмылІэужьыгъуэу 30 хэлъщ икІи ахэр зэдэщІэщІыпІэр щІыр нэхъ щыхьэинкІэ шынагъэхэм ящыщщ. Экспертхэм къызэральтамкІэ, апхуэдэ гъэзвэгъуэ къыкъуэкІмэ, ар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэм къриубыдэу щыпсэу цІыху мелуани 2,5-м щІигъум ялъэІэсынкІэ хъунущ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Профсоюзхэм Щэнхабзэмкіэ я унэм и утыку иджыблагъэ зэрагъэпэщыжам деж псыутхыщІэм лажьэу щыщІидзащ. ЗэфІагъэкІа ухуэныгъэм и фІагъыр зыхуэдэр къипщытащ КъБР-м и Іэтащхьэм

Профсоюзхэм Щэнхабзэмкіэ я унэм и утыку иджыблагъэ зэрагъэпэщыжам деж псыутхыщІэ къыщыізэІуахащ дыгъасэ. Ухуакіуэхэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэм и фІагъыр зыхуэдэм еплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

МЫВЭКЪЫРКІЭ зи щІыбыр къыщыІакІа псыутхым и бгъуагъыр метр 12-м щІегъу, псыр жэщи махуи зыгъэкъабзэну, ар зэпымычу гуэным къизыгъэхъуэну Іэмэпсымэхэр щагъэуващ абы и кІуэцІым.

Нуру къаблэ псыутххэр апхуэдэу иІэщ Лениным и цІэр зезыхьэ, Къэбэрдей, Щоджэнэцыкіум и цІэр зезыхьэ уэрамхэм. Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я цІыхубэр зэрызэкъуэувэрэ илъэс 460-рэ щрикъум и пэ къихуэу ухуакІуэхэм зэрагъэпэщыжащ илъэс 400-м и цІэр зезыхьэ утыкумрэ Правительствэм и Унэм и гупэмрэ деж щыІэ псыутхэр.

УРЫСЫКЪУЭ Тенджыз.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Хабзэхъумэ хэкІуэдахэм я фэеплъ къызэІуах

Дзэлыкъуэ районым къыщыізэІуахащ къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкіэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэу, дзэ къулыкъуп езыхьэкІыу зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я фэеплъ.

АБЫ иращІэкІа зэхьэхэм хэтащ КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкіэ и министр полицэм и генерал-лейтенант **Ромашкин Игорь**, Дзэлыкъуэ район администрацэм и Іэтащхьэ **Джатэ Руслан**, районым и прокурор **Джатэгъэжь Аслъэнбий**, Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и Дзэлыкъуэ район къудамэм и тхьэмадэ **Балъкъыз Руслан**, Дзэлыкъуэ район ОМВД-м и унафэщІ **ВэрыІ Мурат**, къуажэхэм я Іэтащхьэхэр, Іуэхущ1апІэхэм, политикэ партхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр, полицэм и лэжьакІуэ хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

Ромашкин Игоррэ Джатэ Русланрэ къызэІуахащ Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районым щиІэ къудамэм и хэщІапІэм и Іэнатіэм щагъэувэ фэеплъыр. Абы тетхащ зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъумэ 12-м я цІэхэр: милицэм и капитан Аджий А. Т., полицэм и капитан БжэныкІэ Р. М., милицэм и лейтенант нэхъыжь Гындыгъу Р. М., милицэм и лейтенант нэхъыжь КІэмыргуей А. Б., къэрал кІуэцІ къулыкъым и лейтенант нэхъыжь Къэшэж Э. А., полицэм и лейтенант Къумыкъу А. М., полицэм и лейтенант нэхъыжь ЛакІущ А. У., полицэм и майор Махуэ З. М., полицэм и подполковник Мэшыкъуэ А. Г., милицэм и майор Мусэ Ф. А., полицэм и подполковник Теувэж А. А., полицэм и лейтенант ШкІахуэ М. Хь.

Министрым захуигъэзащ къудамэм и унафэщІхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ, я лэжьэгъу хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэм, пэкІум кърихьэлІэхэм.

- ЩІэпхъаджагъэмрэ терроризмэмрэ ятІэщІэт полицэм и лэжьакІуэхэр псэзэпытхъэлІэ куэдрэ іохуэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, хэщІыныгъи диІэщ. 2004 гъэ лъандэрэ бзаджащІэхэм къаукІащ ди лэжьакІуи 120-рэ. Ахэр я псэ емыблэжу я къалэныр и кІэм нэс зыгъэзэщІа фи Іыхьлыхэщ, фи щхьэгъусэхэщ, къуэхэщ, къуэшхэщ. Абыхэм дэ дарогушхуэ, - жиІащ Ромашкин Игорь.

- Мы фэеплъым мыхьэнэшхуэ иІэщ Хэкур, ди цІыхухэр яхъумэу хэкІуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъыр хъумэнымкІэ. Хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ущылажьэну егъэлеяуэ зэрыгугъум сэ фІы дыдэу сыщыгъуаазщ. Ауэ апхуэдэ лэжьыгъэ къыхэзыхам тэмэму имыгъэзащІэу хъунукъым. Сыт щыгъуи фи гум ивгъэлъ нобэ мамыру дыпсэуным зи гъащІэр щІэзытахэр. БзаджащІэхэм пэщІэува фи бынхэр, адэхэр, щхьэгъусэхэр фщымыгъупщэу куэдрэ фыпсэуну ди гуапэщ, - жиІащ Джатэ Руслан.

ВэрыІ Мурат жиІащ я къалэнхэр тэмэму ягъэзэщІэным, жылагъуэм хабзэр щытепщэнкІэ къызэрагъэпэщыным я зэфІэкІ зэрырахьэлІэнур.

Пэкіум къыщыпсэлъахэщ Дзэлыкъуэ район ОМВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Урысмамбэт Шэфихь, абы хэт, Дзэлыкъэкъуажэм и Іимам Гындыгъу Іэмин, зи къуэш хэкІуэда Бжэныкіэ Ислъам сымэ.

Къызэхуэсахэм фэеплъым дэж удз гъэгъахэр щагъэтІыльащ.

Иужьым Ромашкин Игорь, Джатэ Руслан, ВэрыІ Мурат сымэ епсэлъащ зи Іыхьлыхэр зыфІэкІуэдахэм, фІыщІэ зэрыхуащІ тхыгъэхэр ираташ.

ЩОКЪУИЙ Іэминэ,
Дзэлыкъуэ район администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм»и ныбжьэгъуфІхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2018 гъэм и ятІэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кІэпІейкІи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

Ди къуэш республикэхэм

Жып телефонхэр ират

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и щыхьэр Черкесск Іуэху гуапэ щекІуэкІащ. Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм (ВСО) и къалэ къудамэм хэт цІыху 38-м тыгъэ хуащІащ Іэмал щхьэхуэхэмкІэ ныкъзэгъэпэща жып телефонхэмрэ ноутбукхэмрэ.***

- «ДОСТУПНАЯ среда» программэм ипкъ иткІэ илъэс етІуанэ хъуауэ дахуоупсэ зи нэхэм фІыуэ ямылъагъуэхэм. Нэгъабэ яттащ жып телефон 76-рэ. ЗэрыжаІэмкІэ, мы Іэмэпсымэхэр сэбэпыщхуэ къахуохъу. Мы псэм яІэрыдгъэхьащ жып телефон 36-рэ, студентитІым ноутбук зырыз, - жиІащ КъШР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Хубиевэ ФатІимэ.

Лъэрыжэ къэжьыхьыпІэ яухуэнущ

Къэрэшей-Шэрджэсым и Іэтащхьэ Темерзоев Рашид лэжьыгъэ Іуэхукіэ хуэзащ Урысей Федерацэм спорт Іуэхущхэмкіэ, туризмэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкіэ и вице-премьер Мутко Виталий.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ Карачаевск «Ледовый дворец» жыхуаІэм хуэдэ щыхуэнымрэ «Саулук» стадионыр зэгъэпэщыжыным кІэдзэІэпыкъунымрэ. Мутко Виталий арэзы техуащ Іуэхуитіми. Темерзов Рашид къыззыхьэ зэрыхигъэщамкІэ, абыхэм теухуа дэфтэрхэр ягъэхьэзыращ, ахэр зыхиубыдэ программэхэм зэхэтыну тхьилъэхэр ирагъэхьынущ. КъулыкъущІэхэр тепсэлъыхьащ Черкесск дэт «Нарт» стадионыр зыхуей хуэгъэзэнми.

Щіымахуэм зыхуагъэхьэзыр

АДЫГЕЙ. ***Адыгейм жыджэру зыщыхуагъэхьэзыр щІымахуэ мазэхэмрэ илъэсыщІэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэмрэ зыплъыхьакІуэ, зыгъэпсэхуакІуэ къахуэхуэкІуэнухэм.***

РЕСПУБЛИКЭМ и турІуэхущІапІэхэм ягъэхьэзыращ лыжэ, Іэжьэ къежэхыпІэхэр, снегоход, уеблэмэ шыу хуеинухэм ахэр ягъуэтынущ. Республикэм Туризмэмрэ курортхэмкІэ и комитетым къызэритымкІэ, Адыгейм зыщыізэгъэпсэхуэм я бжыгъэр мы гъэм мин 430-м щхьэдэхьнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Банк Іэнатіэм зегъэужьыным хуащІа хэлъхьэныгъэшхуэмрэ илъэс куэд хьуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын «Урысейм и ахъшэ хъумапІэ» акционер зэгухьэныгъэм и къудамэ №8631-м и лэжьакІуэхэм:

Бейтыгъуэн Залинэ Хьэсэн и пхъум - унафэщІым и къуэдзэм

Дудкэ Светланэ Борис и пхъум - офис хэха №8631/0600-м и унафэщІым и къуэдзэм

Сэбаншы Хъусен Мухьэмэд-Шагьир и къуэм - щІыналъэ сервис центрым цІыхуэхэм щІэзэкъуэн яхуэхъунымкІэ и центрым и управленэм и унафэщІым

Хучунаев Хьэким ТІэхьир и къуэм - офис хэха №8631/0100-м и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 8-м
№143-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр Щоджэн Хь. А. етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Законностымрэ хабзэмрэ хъумэныр гъэбыдэным, цІыхуэхэм я хуитныгъэхэр, щхьэхуитныгъэхэр къахуэзгъэпэщыным езым и щхьэкІэ хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм щхьэкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр **Щоджэн Хьэчим Алисэхь и къуэм** етын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м
№144-УГ

Щоджэн Хьэчим Алисэхь и къуэр КъБАССР-м щыщ Шэджэм щІыналъэм хыхьэ Шэджэм Езаня къуажэм 1941 гъэм щІышылэм и 1-м къыщалъхуащ.

Совет Армэм кулыкъу щищІа нэужь, Киров С. М. и цІэр зэрихьэу Владикавказ дэт дзэ училищэр, иужькІэ Фрунзе М. В. и цІэр зезыхьэ дзэ академиер кьиухащ.

1966 - 1970 гъэхэм КъуэкІыпІэ Жыжьэм, 1973 гъэм къыщыщІэдзауэ 1988 гъэ пщІондэ СССР-м Іэщ1кІэ Зэщ1эуэзда и Къарухэм, СССР-м и МВД-м и къэрал кІуэцІ дзэхэм кулыкъу щищІащ.

1988 гъэм къыщыщІэдзауэ 1992 гъэ пщІондэ - Афганистаным Іэщ1кІэ зэщІэуэзда и къарухэм кулыкъу щызыщІэнухэр гъэхьэзырыныр къэрал кІуэцІ дзэхэм я кулыкъущІэхэр егъэджэжьныжьмкІэ дзэ-техникэ училищэ нэхъыщІхьэм и унафэщІу щыІащ.

1992 - 2006 гъэхэм - КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкіэ и министрщ.

Кавказ Ищхъэрэм щеІэкІэ зауэхэмрэ терроризмэм ебэныным теухуа зэпэщІэтыныгъэхэмрэ хэтащ. Узбек ССР-м хьхьэ Ташкент областым и областной советым и депутату хахащ. Мы зэманым «Урысейм и щыгъэжаплэхэр» ОАО-м Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ округхэмкІэ и щІыналъэ унафэщІщ.

Генерал-лейтенанту отставкэм щыІэщ, юридическэ щІэныгъэхэм я кандидатщ. Вагъуэ Плъэжь, «ЩІыхьым и Дамыгъэ», «СССР-м Іэщ1кІэ Зэщ1эуэзда и Къарухэм хэту Хэкум къулыкъу зэрыхуищІам папщІэ» орденхэр, «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и IV нагъыщІэр къыхуагъэфащащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр Чеченов А. А. етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Республикэм и къэралыгъуэр зэфІэувэным щиІэ фІыщІэхэмрэ социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэмрэ щхьэкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр **Чеченов Ануар Ахъмэт и къуэм** етын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м
№145-УГ

Чеченов Ануар Ахъмэт и къуэр Къыргъыз ССР-м щыщ Фрунзе областым и Чуйскэ районым хьхьэ Донарык къуажэм 1950 гъэм къыщалъхуащ.

КъБКъУ-р кьиуха нэужь, къэрал университетым и щІэныгъэ-къэхутэныгъэ къудамэм щІэныгъэ лэжьакІуэу уващ. 1979 гъэм къыщыщІэдзауэ 1988 гъэ пщІондэ - цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэнымкІэ Тырныауз щІыналъэ производственнэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэщ, КъБР-м ЦІыхуэхэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэнымкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІщ, курорт Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащІэ комбинатым и унафэщІщ.

1988 - 1992 гъэхэм - вольт лъагэм ирилажьэ Іэмэпсымэхэр къыщыщІагъэкІыу Налшык дэт заводым и планово-экономикэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэщ, КъБР-м Лъжьыгъэмкіэ и къэрал комитетым деж щыІэ «Труд» чэнджащІкІэ фирмэм и унафэщІщ, КъБР-м и Министрхэм я Советым экономикэ зэхъуэкІынымкІэ и комиссэм и Іэщ1агъэлІ нэхъыщхьщ. 1992 - 1997 гъэхэм - КъБР-м ухуэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэщ.

КъБР-м и Парламентым и етІуанэ, ещанэ зэхуэсыгъуэхэм я депутату щытащ, 2004 гъэм къыщыщІэдзауэ 2009 гъэ пщІондэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэу лэжьащ. КъБР-м и Парламентым и еплІанэ зэхуэсыгъуэхэм я депутату щытащ, 2004 гъэм къыщыщІэдзауэ 2009 гъэ пщІондэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэу лэжьащ. КъБР-м и Парламентым и еплІанэ зэхуэсыгъуэхэм я депутату щытащ. Ухуэныгъэм и инвестицэхэмрэ экономикэмкІэ дунейпсо академиемрэ и действительнэ членщ, РАЕН-мрэ Урысейм естествознаниемкІэ и академиемрэ я член-корреспондентщ. Экономикэ щІэныгъэхэм я докторщ, КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр къыхуагъэфащащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр Къарэмырзэ Б. С. етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Щ1эныгъэ, егъэджэныгъэ Іэнатіэм зегъэужьыным, Іэщ1агъэлІ Іэзэхэр гъэхьэзырыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэмрэ илъэс куэд хьуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ щхьэкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр **Къарэмырзэ Барэсбий Сулеймэн и къуэм** етын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м
№146-УГ

Къарэмырзэ Барэсбий Сулеймэн и къуэр КъБАССР-м щыщ Аруан щІыналъэм хьхьэ Джэрмэнщык къуажэм 1947 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м къыщалъхуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр 1969 гъэм къиухащ «физикэ» Іэщ1агъэр иІэу. 1970 - 1994 гъэхэм ар ассистенту, егъэджакІуэ нэхъыжьу, доценту, профессору, КъБКъУ-м и проректору лэжьащ. 1994 гъэм къыщыщІэдзауэ 2015 гъэ пщІондэ КъБКъУ-м и ректору щытащ. 2015 гъэм и бадзэуэгъуэ лъандэрэ КъБКъУ-м и президентщ. КъБКъУ-м физикэмкІэ и факультетым наносистемэхэм я физикэмкІэ и кафедрэм и щІэныгъэ унафэщІщ.

КъБР-м и Парламентым и етІуанэ, ещанэ, етхуанэ зэхуэсыгъуэхэм я депутатщ, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым хэтщ.

Техникэ щІэныгъэхэм я докторщ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэщ. УФ-м ЦІыхуэхэм курыт щІэныгъэ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ ягъэгъуэныныжьмкІэ и министерствэм и ЩІыхь тхылъыр, «2010 гъэм и щІэныгъэлІ нэхъыфІ» щІыхь дамыгъэр, Абхъаз Республикэм «ЩІыхьрэ Пщ1эрэ» и орденым и II нагъыщІэр, Макаренкэ Антон и орденыр, УФ-м Федерацэмкіэ и Советым и Къэрал Думэм и медалыр къыхуагъэфащащ. Пётр Щоджащэм и цІэр зезыхьэ сауГэтыр, «Жылагъуэм пщІэ щызиІэ» дыщэ дамыгъэр кьратащ.

● Лэскэн щIыналъэ

Къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэм и фэеплъыр Уэзрэдж къуажэм къыщызэIуах

Къэрал, парт лэжьакIуэ цIэрыIуэ, КПСС-м и Осетие Ищхъэрэ обкомым и апэ секретару илъэс куэдкIэ лэжьа Кабалоев Билар Емызэ и къуэм и фэеплъ 2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м къыщызэIуахащ Уэзрэдж къуажэм и паркым.

КАБАЛОЕВ Билар 2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 24-м Старэ Лэскэн (Анзорей) къуажэм къыщалъхуащ. Абы Налшык дэт педучилищэр, Москва дэт педагогикэ институтым тхыдэмкIэ и факультетыр, 1939 гъэм ВКП(б)-м и ЦК-м и деж щыIа парт школ нэхъыщхьэр 1948 гъэм къиухащ.

Фэеплъыр къыдэзыIуахым теухуа гуфIэгъуэ зэхьыхьэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир, Лэскэн муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Инжыджокъуэ Сэфарбий, Уэзрэдж къуажэм и Iэтащхьэ Габачиев Тамерлан сымэ. Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм къикIащ Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Фадзаев Ахъсарбек, лъэпкъ IэхъуэмкIэ министр Цуциев Аслъэн сымэ. Дауэдапщэм кърихьэлIащ Кабалоев Билар и щхьэгъусэ Майе, и къуэ Заурбэч, и благъэхэр, Iыхьлыхэр.

Фэеплъыр къыщызэIуахым псалъэ гуапэхэр къызэхуэсахэм я пащхьэм щыжаIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир, Лэскэн муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Инжыджокъуэ Сэфарбий, Уэзрэдж къуажэм я Iэтащхьэ Габачиев Тамерлан сымэ.

ПэкIым и кIэухым къызэхуэсахэм удз гъэгъахэр фэеплъым тралъхьащ.

ДЗЫГЪУАНЭ Хьэбил.

● Мэкъумэш Iэнатlэ

Илъэсым кърикIуар зэхалъхьэж

Бахъсэн щыналъэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и унафэщI Къаскъул Хьэмидбий зэрыжиIамкIэ, мы зэманым районым Iэщышхуэу 38778-рэ щаIыгъщ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм яIам проценти 6-м нэблагъэкIэ щIегъу.

ЛЫУЭ тонн минипщI къалэжьыну трауХуати, тонн 332-кIэ щIрагъэгъащ, гъэшу тонн 52178-рэ е гъэ кIуам яхуэзэдIэкIам нэхърэ процент 17-кIэ нэхъыбэ къашащ.

Мы гъэм къэкIыгъэхэр гектар 34426-м щыIэзрахьащ. Иджыпсту нартыхур Iуахыж. Гектар къэс ику иту центнер 60 къьтокI, нобэ ирихьэлIэу тонн мини 117-рэ къыдачыжащ. Сэхурани бэвагъ хъарзынэ къариятащ: гектарым хуэзэу ику иту центнер 26-рэ къыщIаIукIащ, псори зэхэту тонн 2173-рэ кърахьэлIажащ.

Апхуэдэу кIэртIофри къатIыж. Зыхэлажьа лъэхъэнэм къриубыдэу тонн 880-рэ зэщIакъуэжащ. КъищынэмыщIауэ, районым еужьэрэкIыу мыIэрысэр къыщыпачыж. Мы гъэм гектарым ику иту центнер 290-300 къыпокI. МыIэрысэхэр пластмасс ашык хэхахэм иралъхьэурэ, иджырей хъуманIэм щагъэтIылъ.

Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Абы дегъэпIейтей

Я зэфIэкIхэмкIэ щызохъуажэ

Экстремизмэр профилактикэ щIынымрэ щIалэгъуалэ политикэр пхыгъэкIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и къудамэхэм я лэжьыгъэр зэгъэуIунымкIэ КъБР-м и министерствэр я щIэгъэкъуэну Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щIэныгъэ щрагъэгъуэт и организацэхэм гъэсэныгъэ IуэхуэхмкIэ я Iэщ1агъэлIэхэмрэ студент самоуправленэхэм я пашэхэмрэ папщIэ, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щрагъэкIуэкIащ «ЩIалэгъуалэр терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэращыхъумапхъэр» зыфIаща семинар.

АБЫ ХЭТАЩ республикэм и прокуратурэм, КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм, урыс православнэ члисэм я лIыкIуэхэу Ержыб Хь., Сыжажэ А., Бобылёв В. сымэ, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щIIэ МВД-м, Урысейм и ФСБ-м и щIыналъэ управленэм щыщхэр. ЗэIущIэр фIэхъуэкIэ кIыхь зэхури, семинарым кърихьэлIэхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуаГъэзащ, иужькIэ республикэм щыщщIэ щIыкIыр зыхуэдэм, щIалэгъуалэ политикэр пхыгъэкIынымкIэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я Iуэхущ1ахьыным хузунэтIалъэ прокуратурэм и къудамэхэмрэ тонн 117-рэ къыдачыжащ. Сэхуранми бэвагъ хъарзынэ къариятащ: гектарым хуэзэу ику иту центнер 26-рэ къыщIаIукIащ, псори зэхэту тонн 2173-рэ кърахьэлIажащ.

Апхуэдэу кIэртIофри къатIыж. Зыхэлажьа лъэхъэнэм къриубыдэу тонн 880-рэ зэщIакъуэжащ. КъищынэмыщIауэ, районым еужьэрэкIыу мыIэрысэр къыщыпачыж. Мы гъэм гектарым ику иту центнер 290-300 къыпокI. МыIэрысэхэр пластмасс ашык хэхахэм иралъхьэурэ, иджырей хъуманIэм щагъэтIылъ.

Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къуныжь МуIэед дохъуэхъу

Ди лъахэгъу, Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхуэхмкIэ и министрым и дэIепыкъуэгъу **Къуныжь МуIэед Ахьед и къуэм** дохъуэхъу Урысей Федерацэм 3-нэ класс зиIэ и действительнэ къэрал чэнджэщагъу цIэр къыхэзырфIащамкIэ.

Гъащ1э кIыхь, узыншагъэ быдэ уиIэну, узыпэрыт Iэнатlэм ехъулIэныгъэщIэхэр къыщыпхьыну ди гуапэщ.

Уи ныбжьэгъуэхмрэ уи благъэхэмрэ.

ХэкIуэда я лэжьэгъуэхэм я унагъуэхэм ялъогъуазэ

Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ и органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу Урысейм и МВД-м и къудамэу Щэджэм районым щыIэм и унафэщIхэр я къалэным пэрыту хэкIуэда я лэжьэгъуэхэм я унагъуэу 18-м ихьащ. Хьэщ1эхэм хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэмрэ я анэхэмрэ тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр хуащIащ, абыхэм я псоукIэм щыгъуазэ защIащ, нэхъ хуэныкъуэхэм ахъшэкIэ япэIэбащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Афияным и бийуэ

Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ

Афияным пэщIэтыным теухуауэ Урысейм щокIуэкI «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ» Iуэхур. Абы ди республикэри хэтщ. КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэм кIэлъплъыныкмкIэ и Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэмрэ республикэм Узыншагъэр хъумэныкмкIэ и министерствэмрэ я лIыкIуэхэмрэ иджыблагъэ щыIащ Налшык дэт курыт еджапIэ №№1, 20-хэм. Ахэр ныбжьыщIэхэм епсэлъащ наркотикхэкIым зыдемыгъэшэхыным, фадэмрэ тутынымрэ защIидзеиным теухуауэ.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭР жыджэру хэтащ мы Iуэхум. Курыт еджапIэ №1-м щIэсхэм езыхэм ягъэхъэзырыжат наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ узыншагъэм иращIэм теухуа теплъэгъуэхэр (видеороликхэр).

- Фэ балигъ фыхъуащ, Iеймрэ фIымрэ къыбгурыIуэну. Iэпэгъу фщIы фи дежкIэ сэбэпыр - спортыр, щIэныгъэр, Iэпщ1элъапщ1агъэр. Жылагъуэм хуэщхьэпэну цIыху нэс фыхъуну фыхущIэкъу, - жиIащ наркотикхэм кIэлъыплъныкмкIэ управленэм и оперуполномоченнэ нэхъыжь Давыдовэ Иринэ.

Дохутыр-нарколог ПащIэ Артур тепсэлъыхьащ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр Iэпкълъэпкъым зэран зэрыхуэхъуэр, тутыным и гугъу щидыщIым, къыхигъэщащ Урысейм тутынафэ мин 400-м щIигъу илъэс къэс дунейм зэрыщекъжыр.

ЗэIущIэм хэта Iэщ1агъэлIэхэм жэуап иратащ школаIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ зыщIэупщIахэм.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Банк Iуэхуэр

Процентхэр егъэмащIэ

Урысейм и Мэкъумэш банкым хъыбар къитащ цIыху щхьэхуэхэм процент нэхъ мащIэ зытехуэ кредит Iуэхутхьэбзэхэр яхуищIэн зэрыщIидзар. Иджы уэзрыхуейм хуэдэу къэбгъэсэбэпыну узыхуит щIыхуэхэм техьэр проценти 10-м къыщыщIидзэнущ, - нэхъапэм зэрыщытам елъытауэ пункти 2,5-кIэ ирагъэхащ.

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, программэ щхьэхуэхэм хыхьэ кредитхэм щхьэщатыкI процентхэр ягъэмэщIащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, нэгъуэщI банкхэм иратыжын хуей щIыхуэхэр зэрапшыныжын кредитхэр (илъэсым хуэзэу техьэнур процент 11,5-м къыщыщIидзащ), пенсионерхэм ират кредитхэр (процент 11,5-м къыщыщIидзащ), уней подсобнэ хозяйствэ зезыхьэ щIыхуэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр (процент 12,5-м къыщыщIидзащ). Процент къэгъэльэгъуахэм къару яIэнущ, Iуэхутхьэбзэр къэзыгъэсэбэпым и гъащIэмрэ и узыншагъэмрэ страхованэ ищIмэ.

«Урысейм и Мэкъумэш банк» АО-р кредит тынымкIэ урысей рынокым щынэхъ лъэщхэм ящыщ зыщ. Ар ящыщщ къэралым рониц кредит портфель нэхъ ин зыбгъэдэлъ и банк нэхъыфIищым.

Iэхутхьэбзэхэм нэхъ зэпкърыхауэ зыщагъэзэгъуэзэфIынущ банкым и www.rshb.ru сайтым.

Урысей Федерацэм и мэкъумэш-промышленнэ Iэнатlэм епха Iуэхущ1апIэхэм кредит-финанс Iуэхутхьэбзэ яхуищIэныкмкIэ гъабжьэ быдэщ «Урысейм и Мэкъумэш банк» АО-р. Ар къыззрагъэпэщащ 2000 гъэм икIи нобэ къальытэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэу. «Урысейм и Мэкъумэш банкыр» ди къэралым щылажьэхэм ящыщу нэхъ лъэщхэм, зи Iуэхуэр зэпIэзэрытхэм, мылъку хъарзынэ зыбгъэдэлъ нэхъ банкышхуэхэм хабжэ. Абы и акцэхэм я процентш 100-ри къэрал мылъкущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Мини-футбол

УФСИН-м и республикэ чемпионатым

«Налшык» спорт комплексым мы махуэхэм щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ УФСИН-м мини-футболымкIэ и республикэ чемпионатым и финал зэIущIэхэр.

ЗЭIУЩIЭ гуащIэм текIуэнигъэр къыщиихьащ икIи зэIэпэх кубокыр зыIэригъэхьащ КъБР-м щыIэ УФСИН-м и УИИ-м и командэм. ЕтIуанэ хъуащ ОСН-м и футболистхэр. Жэз медалхэр къалъысащ КъБР-м щыIэ УФСИН-м и ИК-3-м и гупым.

Зэхьэзэхуэм щытекIуаХэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ дипломхэмрэ медалхэмрэ ираташ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Мы махуэхэм

Щэкiуэгъуэм и 11, щэбэт

♦Энергиер хъумэным и дунейпсо махуэщ
♦Щэхуэным и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм щагъэлъапIэ экономистым и махуэр
♦Польшэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ
♦Китайм щагъэлъапIэ фызкъэмышэхэм я махуэр
♦Япэ дунейпсо зауэр щиуха махуэщ. Ар екIуэкIащ 1914 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къыщыщIэдзауэ 1918 гъэм щэкIуэгъуэм и 11 пщIондэ икIи къалъытэ къэрал нэхъыбэ дыдэ зыхэта зауэхэм ящыщу.
♦1837 гъэм Урысейм къыщызэIуахащ цIыхухэр къызэрырашэкI мафIэгухэр зэрыкIуэ япэ гъущI гъуэгур. Абы зэпищIэрт Петербургрэ Царское Село жылэмрэ.
♦1905 гъэм Севастополь и хыдзэлIхэм, кхъухь тедзапIэмрэ тенджыз заводымрэ я лэжьакIуэхэм зыкъаIэтат. Абыхэм къагъэувырт я лэжьапIэ Iэнатlэхэр ирагъэфIэкIуэну. Правительствэм и унафэкIэ ахэр щэкIуэгъуэм и 15-м зэбграхуащ.
♦1936 гъэм Инджылызым дунейм щыяпэу телевиденэкIэ къыщатауэ щытащ къэунэхуну махуэм дунейм и щытыкIэр зыхуэдэнум теухуа хъыбар.
♦1990 гъэм дунейм къытехьащ «Российская газета»-м и япэ къыдэкIыгъуэр.
♦Урыс тхакIуэшхуэ **Достоевский Фёдор** къызэралъхурэ илъэси 196-рэ ирокъу.
♦Полковник, Бэракъ Плъыжь ордену 6 зрата **Шемякин (Къардэн) Михаил** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.
♦Балетмейстер, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гальперин Григорий** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.
♦ЭкономикэкIэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Жанджэрий Юрий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДААА-м и академик **Хьэмыкъуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Никарагуам и президент **Ортегэ Даниэль** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къэмбэчокъуэ Iэдэм** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
♦Америкэм щыщ актёр цIэрыIуэ, продюсер **Леонардэ ди Каприо** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщIытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 11, жэщым градус 1 - 3 щыхъунущ.

Щэкiуэгъуэм и 12, тхьэмахуэ

♦Пневмонием (тхьэмбыл узым) ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм и ХъумапIэ банкым и лэжьакIуэм и махуэщ
♦Урысейм шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныкмкIэ и Iэщ1агъэIым и махуэщ
♦Азербайджан Республикэм и Конституцэм и махуэщ
♦Эстонием щагъэлъапIэ адэхэм я махуэр
♦1472 гъэм Урысейм и ГербыщIэр - щхьитI зыфIэт бгъэр зытетыр - къащтащ.
♦1860 гъэм США-м и щэхурылажьэ Iэхъуэщ1апIэр къызэрагъэпэщащ. ЯпэщыкIэ абы и къалэну щытар доллар нэпцI къыщIэзыгъэкIэм ебэныныРт.
♦1917 гъэм Петроград дэт ЩIымахуэ уардэунэр Къэрал музейуэ къалъытащ.
♦1982 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу хахащ Андропов Юрий.
♦1986 гъэм Москва къыщызэрагъэпэщащ СССР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондыр (иджыпсту Урысейм ЩэнхабзэмкIэ и фондырщ). Абы и унафэщIу ягъэуват Лихачёв Дмитрий.
♦Совет, урысей актрисэ, уэрэджыIакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Гурченкэ Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Пианисткэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Бэрсокъуэ Еленэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, философием и доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, томий хъу «Адыгэ тхыдэ щIэнгъуазэр» хьэрыпыбзэкIэ къыдэзыгъэкIа **Бацэжь (Мамсыр) Мухьэмэд-Хьер** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Къэрал къулыкъущIэ, УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Мень Михаил** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.
♦Урысей биатлонист, дунейм щынейрэ и чемпион хъуа, Олимп Джэгуэм жэз медаль къыщыщыхьа **Чудов Максим** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщIытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 13, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Щэкiуэгъуэм и 13, блыщхьэ

♦Нэфхэм я дунейпсо махуэщ
♦Гуапагъэм и дунейпсо махуэщ
♦Урысей Федерацэм Къэрал щэхур хъумэныкмкIэ и Iуэхущ1апIэр къыщызэрагъэпэща махуэщ
♦Урысейм радиацэм, химическэ, биологическэ Iэщ1эхэм защыхъумэным тегъэпсыхьа и дзэхэм я махуэщ
♦1758 гъэм Москва къалэм и лъабжьэр щагъэтIылъащ Япэ медицинэ институтым (иджыпсту Сеченов И. М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт медицинэ академиерщ).
♦1851 гъэм Москварэ Санкт-Петербургрэ зэпызыщIэ Николаевскэ (иджы Октябрьскэ) гъущI гъуэгур ятащ.
♦1918 гъэм Рязань къалэм къыщызэрагъэпэщащ хьэуа-десантыдзэхэм я унафэщIхэр щрагъэджэну училищэр.
♦АР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Адыгэ Республикэм и Гербыр зыщIа **Мерэтыкъуэ Долэт** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
♦Зэдзэклакlуэ, радиожурналист **Мэремкъул Ларисэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Урысей биатлонисткэ, Олимп Джэгуэм я чемпионкэ, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуа **Ахатовэ Альбинэ** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщIытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 16, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Унэхъунум гуоуж макъ и тхьэкIумэ иIуэркъым.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Республикэм исхэмрэ ди хьэщIэхэмрэ гу зылъатапхъэ

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Кулахметовэ Рушание и бенефис ирегъэкIуэкI. Абы хиубыдэу ягъэлъэгъуэнущ Птушкинэ Наталье и комедие «Рождественский романс» жыхуиIэр. Ар игъэуващ Башкортостан Республикэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Башкириием и къэрал саугъэтыр зрата Кульбаев Масалим.

СПЕКТАКЛЫР 2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м Музыкэ театрым (Налшык къалэ, КъБР-р Урысейм зэрыхьихьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам и цIэр зезыхьэ утыку) щекIуэкIынущ. ЩIыщIидзэнур сыхьэт 19-рщ.

Телефонэр: 42-64-57; 42-64-12.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр бзэ щIэныгъэхэм я кандидат, доцент, усакIуэ, литературовед, критик **Къэжэр Хьэмид ХьэтIутI и къуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Лилэ** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Урысей Федерацэм и цІыхубэ артист ТІыхъужь Алий 100

Ноби псэууэ фІэкІа къэслъытэркъым

ТІыхъужь Алий теухуауэ фІы куэд схужыІэнущ. Апхуэдэ артист гъэзэджэм, хьэлэмэтыр сызэрыдэлэжьамкІэ сынасыпыфІэщ.

ДЭ ЖЫДОІЭ «комик» - узыгъэдыхьэш роль зыгъэзащІэ артистхэм щхьэкІэ. НтІэ, мис абыкІэ Алий къытекІуэн щыІэу къыщІэкІынкъым. Дунейпсо тхыдэм къыхэна Чаплин Чарли хуэбгъадэ хьунущ ар. ЦІыхур игъэгуфІэным, нэжэгужэ ищІыным, игъэдыхьэшхыным къарушхуэ тригъэкІуадэртэкъым. Ар Алий къыдалъхуам хуэдэт.

Куэдрэ сыдэлэжьащ, роль куэд дэсщІащ сэ ТІыхъужьым. ЖыпІэну емыкІу къыщІэкІынщ, ауэ Алий ролыфІу иІэу хъуар дэзыгъэувар сэращ. Къапщтэмэ, Хъуэжэр... Ар кино куэдми щагъэуващ, спектакль Іэджэми щыслъэгъащ. НтІэ, а ролыр Алий зэригъэзащІам хуэдэу, нэгъуэщІхэм къайхъулІауэ схужыІэнукъым.

ТІыхъужьыр псоми зэращІыхур гушыІэ ролхэр зыгъэзащІэ артистущ. Сэ къысщохъу Алий ищІэфыну хъуар дэ, режиссёрхэм, едмыгъэщІэфауэ. Абы хузэфІэкІынут трагикомедие ролхэри - кууэ драмматическэу икІи кууэ дыхьэшхэну. ЖызоІэри, дэ режиссёрхэм щхьэкІэ къэнауэ убж хъунущ Алий апхуэдэ ролхэр зэримыгъэзащІар.

Шолоховым и фестиваль щыІэу Дон Іус Ростов къалэ дыкІуауэ щытащ. Абы щыдгъэпэзгъэущ «ЩІыщІэ къэІэтар». Ар адыгэбзэм къизыгъэтІэсар Щэрмокъуэ Хьэмидщ. «ЩІыщІэ къэІэтар» абы апхуэдизкІэ екІуу зэридзэкІати, урыс театрым зэрыщагъэувам нэхъри адыгэбзэр нэхъ щэрыуэу, Шолоховым и лІыхъужьхэм нэхъ еэзгъыу, нэхъ къекІуу къыпщыхъурт.

Сымаджэу къыщІэкІри, Шолоховыр абы щыгъуэ Дон Іус Ростов къэкІуэфауэ щытакъым. Арати, ар щыпсэуа станицэм дыкІуащ. Алийрэ сэрэ - артист псори и пащхьэм тхуишэнутэкъым. ЗэрыжысІащи, ЦІыхукудым ягъэзэщІащ Щукарь и ролыр. Абыхэм яхэтащ дунейм щыцІэрыІуэ артистхэри, ауэ псоми ар зэрагъэзащІэр дыхьэшхэн къудейуэт: къапсэлъым гупсысэ хамылъхьэу, зы къупхъэм иту. Абыхэм я Щукархэр лІы цІыкІу зэкІэлъымыкІуэт, джэгуаэхэри лъахъшэт. Арати, тхакІуэшхуэм деж дыщІыхьэу, Щукарь и ролыр зыгъэзащІэ Алий, лІы къуэгъу псыгъуэ кІыхьыр, щІилъэгъуам къэуІэбжьащ - и теплъэкІэ хуэкІуэртэкъым. Сэ сыдэІэпыкъуурэ (Токъуий Хъусен хуэдэу сыджэгуфынут), спектаклым щыщ зы Іыхьэ щІыкІу абы и пащхьэм дыщыджэгащ.

«Партым сыхьхьэну сыкъэкІуат» сценэрат иджы ар. Абы и кІэр зэририхыр мыпхэдэущ: «Уэ пхуэдэ кхъахэжьхэр партым и щхьэфэм ириудэкІыну», - жиІэрт Нагульновым, къыщІэгубжьэрти, къыщІихужырт. А псалъэр Токъуийм къыжриІа нэужь, мыдэ тридзэн фІэкІа умыщІэу, Алийр къиІэтырти, игъэувыжырт. ТІыхъужьым адэкІэ ищІэрат - Іуфкіуэтырти: «Ы-ы-ы, и мычэзэуэ сыкъэкІуащ, иужькІэ сыкъыщІыхьэн хуеящ», - жиІэрт зэппшу.

А псалъэхэр Шолоховым щызэхихам щыгъуэ, и дыхьэшхэри и нэпсри зэхыхьжауэ, а зэрыльэрымыхьхэм хуэдэу къэтэджри, Алий Іэплъэ къыхуищІауэ щытащ.

Алий щІыхуэщІ, адыгэр зэрыгушуэщ. Псэууэ фІэкІа къэслъытэркъым. Сэ икъуКІэ сропагэ ТІыхъужь Алий и фэеплъу къызэрагъэпэща «Угушыіэнымэ, къебларэ!» зэхьэзэхуэм сэ згъэува спектаклхэм плІэнейрэ зэпэ увыпІэр къызэрыщахьам.

ТЕУВЭЖ Султан,
УФ-мрэ КъБР-мрэ гъуазджэжэкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ.



Абы и джэгукІэмрэ и дуней тетыкІэмрэ

Москва Щукиным и цІэр зэрихьэу дэт театр институтым сыщІэтІысхьэным и пэ къихуэу, ТІыхъужь Алий къэсщІыхуащ. Си къуажэгъу артистым и лэжьыгъэхэм фІыцІэ сыщыгуфІэзэ, си адэ-анэм я гъэсэу театрым сыкъэкІуэрейти. Аращ Алий и джэгукІэмрэ и дуней тетыкІэмрэ пасэу спэгъунэгъу щІэхъуам и щхьэусыгъуэри.

ТЕАТРЫМ и лэжьакІуэхэм зыхьжьыи нэхъыщІи къытхэткъым Алий теухуа псалъэ гуапэ жызымыІэфынт. ЕджапІэр зэхэзухыу, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым къэзгъэзэжа нэужь, лэжьыгъэкІэ мыхъуу, гъащІэм щылэлъэгъуалэм пыщІэныгъэ быдэ худи1эу дыкъэкІуэкІащ. Ныбжьыкіэ дыззэрызэщхьэщыкІыми емыльытауэ, абы сыт щыгъуи зыкъыддригъэкІуу къытхэтт, хъыбар гъэщІагъэхэм зэригъэдаІуэу. Дэри дригушхуэрт апхуэдэ цІыху цІэрыІуэ зэрятщІыгъум. ИтІанэ, щІалэхэр дыхуэныкъуэ щыхъукІэ, сыт хуэдэ пЫэныкъуэкІи къыддэІэпыкъурт.

Зэлэжьэгъуэхэм нэхъапэм куэдрэ зэхуэсхэр диІэу щытащ. Театрым щыдгъэзэщІэну къытпэщылъ пщэрылъхэм дыщытепсэлъыхькІэ, куэдрэ къытхуихурт ди акъыл зэтемыхуэу дыщщэхъурджауэ. Гупым ди зэхуэс е парт зэхуэс ирехъуи, Алий и зы псалъэм зэщыхьахэр зэригъэкІужьыфырт, игъэгушхуэрт. ГушыІэм зэуэ псори хуигъэкІуэжырти, зыри къэмыхъуам хуэдэу дызэбгригъэкІыжырт.

И лэжьыгъэхэм я гугъу пщІымэ, Къэрмокъуэ Мухьэмэд радиом щхьэкІэ итхауэ щыта «Лъагъуныгъэм и къаур» пьесэм къытетщІыкІа спектаклыр дгъэуващ. ЗэрыгуфІуэгъуэщи, радиопьесэм уемылэжьыжу занщІэу театр утыкум къипхьэ хъунутэкъым, сыту жыпІэмэ радионэтын щыбгъэхьэзыркІэ, зы лэжьыгъэ зэрепщылІэм хуэдэу, театрым и бзэм, и жыпхъэм ар къигъэзэгъэн хуейти. Абы и лъэныкъуэкІэ пьесэм Мухьэмэдрэ сэрэ куэдрэ дызэделэжьа нэужь, илъэс 30 ипкІэ згъэуващ «Лъагъуныгъэм и хьэтыркІэ» спектаклыр. Мухьэмэд тхыгъэр зэритхэ зэман куэд дэкІыжати, абы и «гъащІэр» зэрыхъунум мащІэу сригузавэрт. Бзаджэгъэм сыхуэкІуэри, абы ТІыхъужь Алийрэ Дыщэкі Кіунэрэ хэзгъэхьащ, сыту жыпІэмэ, а тІур хэтмэ, спектаклыр цІыхум зэи яІэщІэужэгъуэнутэкъым. ИкІи апхуэдэу хъуащ. А тІум лэжьыгъэм щагъэззэщІа ролхэр мыин дыдэмэ, къыхэжанкІыу илъэс зыбжанкІэ утыку итащ, сценэм Іэгуауэкіэ иратгъэблагъэу. Алий илъэсищэ щрикъум ирихьэлІэу спектаклыр нобэрей зэманым къеэзгъыу къэдгъэщІэрэщІэжащ. Артистыр гъуэзэджэм и гъащІэм, и пщІэм и щыхькІэ ар республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыдогъэльагъуэ.

Алий нэхъыбэ къызэримыгъэщІар хуабжьу си жагъуэ мэхъу. Ар иджыри къытхэтамэ лъэныкъуэ Іэджэкіэ фІы куэд къыдитыфынут. Апхуэдэ цІыхухэм я пщІэмрэ я цІэмрэ зэманым дэужьыхынукъым. ТІыхъужьыр зыщІыхуу щытахэм зэи дигу ихунукъым.

ФЫРЭ Руслан,
Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщІ.

И дэтхэнэ псалъэри

Москва Щукиным и цІэр зэрихьэу дэт театр институтым зы гупышхуэ дыхъуу еджакІуэ дыкъэщикІыжам, ди насып къихьат ди адыгэ театрыр къызэІуэзыха нэхъыхьхэм дакъриихьэлІэну.

АБЫХЭМ яхэтащ артист гъуэзэдж, лъэщ куэд. ДыщІалэти, театрыр, гъащІэр зищІысыр иджыри дэ фІыуэ тщІэртэкъым. Ди нэхъыжьхэр сыткІи дэркІэ щапхъэт, куэдым дыхурагъаджэрт, дыхуаущийрт. Абыхэм ящыщт ТІыхъужь Алии. Абы теухуауэ куэд пхужыІэнущ. ГъащІэм езым и епЛъыкІэ хуиІэжт, екІуу дунейм тетт. Ар зэрыартистышхуэм къыдэкІуэу, цІыхугъэшхуи хэлът, езыр узыІэпишэу гуапэт. Сыт хуэдэ ныбжьым итми, сыт хуэдэ Іэщ1агъэ зи1эми зыдригъэкІуфырт.

Спектаклхэм зэгъусэу дызэрыхэтам къыдэкІуэу, цІыхугъэшхуи хэлът, езыр узыІэпишэу гуапэт. Сыт хуэдэ ныбжьым итми, сыт хуэдэ Іэщ1агъэ зи1эми зыдригъэкІуфырт.

Спектаклхэм зэгъусэу дызэрыхэтам къыдэкІуэу, сигу къинэжащ Шортэн Аскэрбий и «Къэзышэхэмрэ яшэмрэ» спектаклыр щызгъэувам сызэрыдэлэжьар. Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъагъуныгъэм и къаур» тхыгъэм къытращІыкІа спектаклым ТІыхъужь Алийрэ Дыщэкі Кіунэрэ я гъусэу сызэрыщыджэгуам сроГушхуэ. НыбжьыкІэ зэхуакушхуэ дызэриІэми емылъытауэ дызэныбжьэгъуэ щытащ. УклъыджэкІэ бгъуэтырт. Си ныбжьэгъуэхэм щахэсшэкІэ, игъэгушхуэу яхэтт. Хьэл-цэн дахи куэд дэплъагъурт. ГъащІэм и лъэныкъуэ куэдым фІыуэ хищІыкІырт. Алий гушыІэ дахэ хэлъу щытащ. Абы зэи жимыІа хъыбархэри теІуКІауэ лъэпкъым кърахьэкІ, Хьуэжэ ещхьу. Абы и щхьэусыгъуэр Алий и сыт хуэдэ псалъэри цІыхухэм зэрращу, гъэщІэгъуэн зэращы-хъурт.

ДыкъэщыкіуэжагъащІэм лэжьапщІэр къыдэмэщІэкІырт икІи Алийрэ Кіунэрэ ахъшэ щІыхъуэ зэпымыууэ къеІыт-хырт. Ар псапэу яІэщ иКІи щІалэгъуалэм Іэфіу дигу къинэжащ къыддэІэпыкъуу зэрыщытар.

ШЫБЗЫХЪУЭ Басир,
УФ-м щІыхь зиІэ и артист.

Зэи ящыгъупщэркъым

Суворовым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэхэм артист куэд щІэсу щытащ. ЦІыхуитІ дыхъуу абы и зы пэшым дыщІагъэтІысхьат зэгъуэр. Абы щыгъуэ ТІыхъужь Алийрэ сэрэ зы къат илъэскІэ дызэдытесащ. Гу зылъыстаращи, абы и унагъуэм гулъытэшхуэ хуищІырт, и сабиитІым ятеплъэкъуКІыртэкъым. НэгъуэщІ щІыпІэхэм, гъунэгъу республикэхэм зыкъэдгъэлъэгъуну дыщыкІуэкІэ, а тІум зэрахуэупсэн, ахэр зэрригъэгуфІэн саугъэт щыкІуэкэр е унагъуэм къыхуэщхьэпэну хьэпшып гуэр зэпымыуэ къыздихьырт. Апхуэдэу абыхэм ятеубгъуауэ къэгъуэгурыкІуащ. Зэгъунэгъуу дызэрыпсэуа илъэсым, псэуху театрым дызэрыщыщІэдзэжьам къриубыдэу сигу щебгъа къэхъуакъым.

ТІЫХЪУЖЬ АЛИЙ цІыхугъэ ин зыхэлъ, цІыхур фІыуэ зыльагъу, ныбжьэгъум хэпэж адыгэлІ гуапэт. Театр утыкум къыдита и лэжьэгъуэхэм я гугъу пщІымэ, ар зыми яхуэІэкъым. Абы къыщымынэу, гъунэгъуи, ныбжьэгъуи, жэрэгъуи щащыІея е щащІэгубжьа срихьэлІакъым. Сыт хуэдэ псалъэмакъ мыщхьэпэри гушыІэм хуищэжырти зэтриуІофІэжырт. Театрым и лэжьакІуэ псоми хуэфІащ, ауэ псэуху Болэ Муратрэ абырэ нэхъ зэныбжьэгъуу къекІуэкІащ. Мурат дунейм ехыжа нэужь, Къаздахъуу СултІанрэ абырэ зэныбжьэгъуащ.

Спортым хуабжьу дихьэхырт Алий. Къалэм зы футбол джэгуи щыблигъэкІынутэкъым емыплъу. ИтІанэ шахматым егъэлеяуэ дихьэхырт. Театрым щышцІалажьэкІи, ди репетицэхэр тІэкІу зэрызэпыдгъэууэ, заншІу шахмат джэгурт. Республикэм къыщыдэкІ газетхэр, «Спорт» газетри хьихьэу, лэжьакІуэ къыщыкІуэкІэ и блэгущІэм щІэлъу къыздихьырти, еджэрт. Ар репетицэм къыщыкІэрыхуа срихьэлІакъым зэи. Жэщыкум е нэхущым гастроль дыкъэкІыжами, псом япэу театрым къэкІуэнут. Газет еджэу е, гъусэ игъэтмэ, шахмат джэгуу щысынут, адрейхэр къэкІуэІэху, Кіэщу жьІэмэ, щыжейри зыщигъэпсэхури къыпхуэщІэнутэкъым.

Япэ дыдэ еджапІэ ягъэкІуауэ щыта артистхэр хэплъыхьауэ къызэрыхахам хуэдэу къыкІэлъыкІуэхэр къызэрыхамыхар сыт щыгъуи жызоІэ. Ахэр зыр адрейм зы мэскъалкІи емыщхьу, дэтхэнэми щхьэхуэныгъэ ядэплъагъуу апхуэдэт. ТІыхъужь Алий Москва ГИТИС-м илъэситхукІэ щеджэну ямыгъэкІуамик хъунут, сыт щхьэкІэ жьапІэмэ а артист Іэзагъэр абы къыддалъхуаэ хэлът. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр театреплъхэр малъхъэдисым хуэдэу зыщІэзэшІэ ферту гуэр абы зэрыхэлъыт. Алийрэ Дыщэкі Кіунэрэ хуэдэу апхуэдэ зыдэплъагъу артист диІакъым. Утыкум иту псалъэ гуэр щащыгъупщэжкІи абыхэм театреплъхэр къыдахьхэкырыт. А тІур зэбгъапщэ хъун диІакъым икІи диІэкъым. Пэжщ, нэгъуэщІ щыпщІкІэ ДыщэкІ Кіунэ, Къаздахъу СултІан, Сэкрэк Мухьэдин сымэ уигу къэмыкІыу къанэркъым, ахэр гушыІэ, ауан жанрым зэрыщылажьэм папщІэ зыр адрейм къыгуэхьыпІэ имыІэу зэпыщІэныгъэшхуэ яку дэлъти. Апхуэдэу абыхэм я цІэ хъыщипІуэкІэ уигу къагъэкІыж Жыгун Тимэ, Токъуий Хъусен, Срыкъуэ Хьэмэщ1асэ, Ерчэн Кэлисэ, Къардэн Льостэнбий сымэ. Сощ1эж япэ дыдэу сыщыджэгуам хуабжьу сызэрыгузэвауэ щытар. Сытрагъэгушхуэну ахэр псори къэкІуат. Апхуэдэурэ щІалэгъуалэр дагъэгушхуэрт.

Ди нэхъыжьхэм я фэм куэд дэкІыж. Иджыдэй ди артистхэм зы гугъуехь мащІэри къатехьэлъэмэ, Алий сымэ гъэмахуэ-щІымахуэ ямыІэу лъэсу кужьхэм кІуэурэ спектаклхэр ягъэлъагъуэу ирагъэжьат. Лъэпкъ гъуазджэм, щэнхабзэм, цІыхубэм пщІэншэу яхуэцІыхубэ артистхэри диІэщ, ауэ Алийрэ КІунэрэ зыхуэбгъадэ хъун щымыІэ цІыхубэ артистт. Ахэр къэзымыщІыхуэрэ фІыуэ къэзымыльагъуэрэ жьыи щІэи щыІэтэкъым. Алий утыкум къихьэрэ зы гъэщІэгъуэн гуэру и лъакъуитІыр зэтридзэрэ жьыхум хуэдэу и Іэпхъуамбэ тІэкІур игъэджэгуамэ, зы псалъи жиІэну хунэмыс щІыкІэ, театреплъэр зэрыльэлъу дыхьэшхырт.

Артистхэр къыщыхахкІи зи бзэр щэрыуэхэр, къэфэнми уэрэд жьІэнми хуэмыхамэхэр, теплъэ дахэ зиІэхэр нэхъ къащтэ. Алий икІи макъыфІэтэкъым, бзэ бэлъхьи иІэтэкъым, тІэкІри хуэбзэгурэфт, ауэ абы щхьэкІи зэи зыми гукъэнэ къыхуимщІакъым. ПщІэнтІэпсыр къапхуу адрейхэр псалъэ зэгъэщІэнымрэ я макъыхэмрэ телажьэмэ, езыр абыхэм еІаІэртэкъым икІи къыфІэІуэхуртэкъым. ИщхьэкІи къызэрыщІэхэзгъэщащи, абы цІыхубэр тынш дыдэу къыдихьэхыфырт, Тхьэшхэмрэ и адэ-анэмрэ къыбгъэдалъхьа зэфІэкІ иІэти.

Жанр зэмылІэужьыгъэхэм щыщ роль куэд къьэхуплІащ ТІыхъужьым. Пэжым ухуэмэ, драмэм щІэ гушыІэ спектаклри ди театр утыкум щыдгъэлъэгъуахьым. ИужькІэ Къаздахъу СултІан, ДыщэкІ Кіунэ, Мэшыкъуэ Феня сымэ гушыІэмрэ ауанымрэ нэхъ телэжьащ. Шолоховым и «ЩІыщІэ къэІэта» спектаклым Щукарым и ролым фІэкІа цимыгъэззэщІами, Алий цІыхубэ артист цІэр хуэфащэт, сыту жьІэмэ ар сценэм щыщыджэгуІэ зыгуэрым и ролым иувэу зыми жиІэфынутэкъым, ар зытепсэлъыхь Іуэхум езыр хэтауэ, и нэгу щІэкІауэ апхуэдизкІэ уи фІэщ ищІыкІыфырт. Ар икІи ухуэдэжкІи зыхэплъхьэфрынукъым, къыбдалъхуауэ убгъэдэмылъмэ.

Дыщыджэгу жанркІэ дызэрызэтемыкуэм къыхэкІыу, Алийрэ сэрэ утыкум дыщызэдэлэжьэну куэдрэ къытхуихуякъым. Ауэ, ищхьэкІэ зи гугъу ещІа Шолоховым и «�щІыщІэ къэІэтам» дызэдыхэтащ. Еджакіуэ сыкъыщикІыжам «ЗэныбжьэгъуитІ» спектаклыр ягъэуву сыкърихьэлІэжащ. Ало Ларисэ театрэкІэ Іуклъжати, а ди ролыр къысхуагъэфэщащ. ПІощІэгъуэкІэ ролыр къызатри, Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэм дыкІуащ. Диктору телевиденэм щылажьэ хъыджэбзым и ролт згъэзащІэр. Спектаклым ДыщэкІ Кіунэрэ Алийрэ хэтти, ахэр утыкум къызэрихьэу Іэгуауэшхуэ тракъутэу щІадзащ. Абдеж си ролри сщыгъупщажауэ мыпхуэдэу сегупсысат: «Ярэби, зэгуэр сэри апхуэдэу щІыхуэкъм пщІэ къыщІэхуащІ, фІыуэ сыкъыщІалъагъу, сыкъыщащІыу зэман къысхуихуамэ, сынасыпыфІэу зыкъэсльытэжынт».

Сыт хуэдэ гуп дыхэмыхьами нобэр къыздэсым ТІыхъужь Алий и цІэр, и гъащІэр, и гуащІэр ящыгъупщэркъым. Джэгуакіуэ нэст. Дыхуэзарэзыщ. Ахърэт нэху Тхьэм кърит!

ЖЬАКІЭМЫХЪУ КІунэ,
УФ-м щІыхь зиІэ и артистэ.

Лъэпкъым и набдзэ

ФІэщщІыгъуэйщ ди лъэпкъым и набдзэу ялъытэ, УФ-м и цІыхубэ артист, театрымрэ кинорэ я актёр ТІыхъужь Алий (1917 - 1995 гг.гъ.) и цІэр зэхэзымыха щІагъуэ адыгэм яхэту. КъэзыцІыхуу, фІыуэ къэзылъагъуу щытахэри мащІэкъым. Зи гур къабзэ, зэфІэкІ инкІэ ТхьэР зыхуэупса артист щэджащэр цІыхум я гум, я псэм дыхьат.

МОСКВА дэт, Луначарскэм и цІэр зезыхьэ театр институтыр къиГухэу къиГэззэжа нэужь, ТІыхъужьым Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщІидзащ. А Іэхуущ1апІэм и тхыдэм къыГуэхьпІэ имыІэу епхащ абы и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм, и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзэщІащэм ящыщу ноБэр къыздэсым зи цІэр ящымыгъупщэ артист гъуэзэджэм и цІэр. Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр зыгъэбжьыфІа ТІыхъужьым и джэгукІэр, и утыку итыкІэр, къиГэщІа роль хьэлэмэтэкэр цІыхубэм гукъинэж ящыхъуащ. Апхуэдэу Алий ягу къинэжащ щыпсэуа хьэблэм, къалэм щекІуэкІ жылагъуэ Іэзхуэм жыджэру хэлэжьахьу, цІыхубэм пщІэ къыхуащІу, хуэныкъуэкэм чэнджащ щхьэпэкэр ириту зэрыщытар.

Утыкур, зи Іэщ1агъэр фІыуэ зыльагъуу щыта а артистым и цІэр КъэБэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я тхыдэм дыщэ хьэрфхэмкІэ тхауэ я къыхэнащ. Алий и гъащІэр хуэгъэпсауэ щытащ театр гъуазджэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкІэ хуэлэжьэным.

Иджыри кэнащ ТІыхъужь Алий щыджэгуа спектаклхэр, абыхэм я фэеплъ суРэтхэр, и лэжьэгъуэхэм щахэсшэкІэ, игъэгушхуэу яхэтт. Хьэл-цэн дахи куэд дэплъагъурт. ГъащІэм и лъэныкъуэ куэдым фІыуэ хищІыкІырт. Алий гушыІэ дахэ хэлъу щытащ. Абы зэи жимыІа хъыбархэри теІуКІауэ лъэпкъым кърахьэкІ, Хьуэжэ ещхьу. Абы и щхьэусыгъуэр Алий и сыт хуэдэ псалъэри цІыхухэм зэращы-хъурт.

ДыкъэщыкіуэжагъащІэм лэжьапщІэр къыдэмэщІэкІырт икІи Алийрэ Кіунэрэ ахъшэ щІыхъуэ зэпымыууэ къеІыт-хырт. Ар псапэу яІэщ иКІи щІалэгъуалэм Іэфіу дигу къинэжащ къыддэІэпыкъуу зэрыщытар.

ШЫБЗЫХЪУЭ Басир,
УФ-м щІыхь зиІэ и артист.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **ТЕКІУЖЬ Заретэщ.**

Лъэужьыфіэ

зэхуэхъуат. Япэу театрым сыщыкІуам игу къыскхуигъэзэри, зэпымыууэ гуапэу дыкъыззэдекІуэкІащ. И псэлъэкІэ, и хьэл-щэн къэзубыдауэ, абы зыпысщІыхьырт, кІэщІэсщІыхьырт.

ТІыхъужь Алий спортсмен куэд, псом хуэмыдэу бэнакІуэхэр, и ныбжьэгъуэт. Футболым куэдрэ зэгъусэу дыкІуэрт. Театрым и гъунэгъуу щытт футбол джэгум и билетхэр щащэ киоск щыкІу. А зэманым билетхэр псынщІэу зэбгращэкухІырти къыпІъыскІыжыртэкъым, ауэ, дэ Алий къыхуагъэнауэ зэрыщыІэр тщІэрти, абы япэ зидгъэщырти, езым дигъэкІуауэ яжетІэурэ, гъэпцІагъэкІэ и билетэр зыІэрыдгъэхьэрт. ИужькІэ Іуэхур зыІутыр къищІэрти, театрым кІиИуэ къыщІтпежьэрт.

Гъуазджэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкІэ зыгуэр Іэфіу сигу къинэжамэ, ар Алий сымэ сащыдэлэжьа зэманырщ. ТІыхъужьым и гугъу щыпщІкІэ ДыщэкІ Кіунэ, Къаздахъу СултІан, Сэкрэк Мухьэдин сымэ уигу къэмыкІыу къанэркъым, ахэр гушыІэ, ауан жанрым зэрыщылажьэм папщІэ зыр адрейм къыгуэхьыпІэ имыІэу зэпыщІэныгъэшхуэ яку дэлъти. Апхуэдэу абыхэм я цІэ хъыщипІуэкІэ уигу къагъэкІыж Жыгун Тимэ, Токъуий Хъусен, Срыкъуэ Хьэмэщ1асэ, Ерчэн Кэлисэ, Къардэн Льостэнбий сымэ. Сощ1эж япэ дыдэу сыщыджэгуам хуабжьу сызэрыгузэвауэ щытар. Сытрагъэгушхуэну ахэр псори къэкІуат. Апхуэдэурэ щІалэгъуалэр дагъэгушхуэрт.

Ди нэхъыжьхэм я фэм куэд дэкІыж. Иджыдэй ди артистхэм зы гугъуехь мащІэри къатехьэлъэмэ, Алий сымэ гъэмахуэ-щІымахуэ ямыІэу лъэсу кужьхэм кІуэурэ спектаклхэр ягъэлъагъуэу ирагъэжьат. Лъэпкъ гъуазджэм, щэнхабзэм, цІыхубэм пщІэншэу яхуэлэжьащ ахэр. Абы и лъэныкъуэкІэ си щхьэкІэ сохъуапсэ гъуазджэм, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм нэгъуэщІ щІыналъэхэм щыхуащІ пщІэмрэ гулъытэмрэ. Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист щэджащэхэм театрым пэгъунэгъуу бюст щыхуагъэуватэмэ, ягъэ кІынт?

Иджыпей пшыхьэхэм кърихьэлІэ ныбжьыщІэхэм ТІыхъужь Алий зыпысщІыжыну къыщыщІэзгъэлъэІукІэ сымыгъэщІэгъэун сльэкІыркъым. Ар щащІыхум сыщыщІэупщІэкІэ, телевизорым, интернетым къыдэкІуэу, я адэщхэ-анэщхэхэм абы теухуауэ жалэж хъыбархэм Алий и гуащІэм зэрыдрагъэхьэхар щыжаІэкІэ, лъэужь дахэ къызэригъэнат сроГушхуэ. АтІэ цІыхур лъэужьыфІэ хъуным нэхъыфІ сыт щыІэ?! Пэжжамэ, Алий и ныбжьыр мы гъэм илъэсищэ ирикъунут. Ауэ, быдэу си фІэщ мэхъу абы и цІэр, цІыхубэм къахуигъэна хуабагъэр иджыри илъэсищэ куэдкІэ зэращымыгъупщэнур.

ДУМЭН Мурадин,
КъБР-м и цІыхубэ артист.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Шхыныгъуэхэр

Шэкіэ щіа хъынкіэл хьэнтхъупс

Шыуаным псы щІыІэ ирагъэжьхьри шэ иракІэ. ЗэлащІэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, шыгъу хадзэ, итІанэ зэлащІэурэ хъынкІэлыр хакІутэ. МафІэр щабэ ящІри, зэлащІэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Хъынкіэл вар пэшхьэжум къытрахри, бжьын гъэлыбжьа традзэ, шкІэпІыпс тракІэ. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):
Шэ щІэмыхуу - грамм 500
Шыгъуу - уэыхуейм хуэдиз
ХъынкІэлым халъхьэхэр:
Гуэдз хьэжыгъэу - грамм 60
Псыуэ - грамм 15
ДжэдыкІэ нык ъуэ
Шыгъуу - уэыхуейм хуэдиз
Бжьын гъэлыбжьам:
Тхъууэ - грамм 20
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 15
Шыбжий сыр хьэжауэ - уэыхуейм хуэдиз
ШкІэпІыпсу - грамми 10

Мэжаджэ щІакхъуэ, пщагъэ хэлъу

Нартыху хьэжыгъэ ухуэнщІар тепщэчышхуэм иракІутэри, псы шыуа къэкъуэлъакІэ ящІ, бэлагъкІэ зэІащІэурэ. Ар и пщтыраргъыр градус 30-35-м нэсыху ягъэупщІыІури, псы къэкъуэлъам щыщу къэна хуабэпщІым пщагъэри шыгъури хагъэткІухьри, нартыху хьэжыгъэ тхъэв пщам хакІэж. Гуэдз хьэжыгъэ хакІутэри, тхъэвыр зэхэзэрыхьыхукІэ Іэкіэ ящІ, хьыдан трапхъуэри, сыхьэтиплІ-сыхьэтитхукІэ хуабапІэм деж щагъэтщІ, къэтэджын щхьакІэ. Хьэзыр хъуа тхъэвыр щэ дагъэ зыщыхуа тебэм и зэхуэдитІым къыфІэкІыу ираЛхьэ, тхъэвыщхьэр захуэ ящІ, тебащхьэр трапІэжри, абы и щхьэм яжьэ пщтыр тракІутэ, мафІэ дэпхэр тратхъуэжри, хьэзыр хъуху ягъажьэ зы сыхьэт нэблагъэкІэ. Мэжаджэ щІакхъуэр хуабэу Іэнэм трагъэувэ. Шатэ, шху дашх, къалмыкъ шей докІу.

Халъхьэхэр:
Нартыху хьэжыгъэу - грамм 700
Гуэдз хьэжыгъэу - грамм 300
Псыуэ - грамм 400
Пщагъэу - грамм 60
Тебэщыхуэу, шыгъуу - уэыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Лъэпкъ псалъэжьхэр

МафІэр мафІэкІэ зэщІагъанэ

♦Псым ухэмыхьауэ, псы есыкІэ зэбгъэщІэнукъым.
Осетин.

♦Къалэм и фІагъыр и гъунапкъэм къыщащІэ.
Тат.

♦Мэзыр зэрыщхъуэм щхьэкІэ нэщІу уимыгугъэ: абы аслъэн щІэсынкІи мэхъу.
Табасаран.

♦Бгыр бгы хуэныкъуэкъым, ауэ цІыхур цІыхуншэу псэуфынукъым.
Авар.

♦Дыщэм и гъунэгъу гъущІри мэцІу.
Даргин.

♦Ухуей закъуэ щхьэкІэ, дуней псор уи Іэмыщ1э пхуилъхьэнкъым.
Лезгин.

♦Жьыуэ гъуэгу техьэр кьыізринэкІам щыгуфІыкІыжынущ.
Нэгъуей.

♦Зи ныбэ изу хъэкІуа хьэщІэр арэзы пщІыну гугъущ.
Балъкъэр.

♦МафІэр мафІэкІэ зэщІагъанэ.
Ингуш.

● Дыщалъхуа щІыналъэм



Іуащхьэмахуэ и ищхъэрэ лъэныкъуэмкІэ къыщыщІэж псы хущхъуэхэм уешэ асфальт гъуэгу екІуи.

● Унэгуащэхэм папщІэ

Унэм зэрыщыэзІзэз Іэмалхэр

ЦІыхум и бгъэр, и тэмакъыр узмэ, псчэмэ, щІыІэ хьихьамэ, кІэртІоф укъэбза ягъавэ, абы и бахьэ пщтырымкІэ сымаджэр ягъэбаУэ, ипсри ирырагъэф. Ар сымаджэм сэбэпышхуэ хуохъу.

* * *

Къазым, бабыщым я зэзыр фом халъхьэ, фІыуэ зэІащІэри, и щхьэр тепІауэ щІыІэпІэ-кІыфІыпІэм мазуиц-лІыкІэ щагъэув, зэхэшыпсыхьэм щхьэкІэ. А фо зэхэшыпсыхьар цІыхум и Іэпкъпъэпкъым бэгъа иЗмэ щаухуэри ягъэхъуж.

* * *

Нартыху тхъафэм, щхьэцым къыщІэвыкІам и псым уефэмэ, тхьэмщІыгъумкІэ, жьэжьеймкІэ сэбэпщ.

* * *

Дэ купщІэ гъэлыгъуа пшхымэ, уи кІэтІийкэр егъэкъабзэ.

* * *

Фор бегъымбар шхыну ябж икІи сыт хуэдэ узыфэми и сэбэпу къалъытэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Чэнджэщхэр

ШхэкІэм фыкІэлъыплъ

Фшхы ерыскъыр лейуэ къыфкІэрымыпщІэн папщІэ нэмыщэ диетологхэм чэнджэщ къыват:

●пщэдджыжьышхэ фымыщІу зэи къэвмыгъанэ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, ар сэбэп мэхъу уи Іэпкълъэпкъыр тэмэму лэжьэнымкІэ, щэ лейр ткІунымкІэ;

●щІэх-щІэхыурэ зыгъэр фызэредзэкъэным иужь фит, лей фымышхын папщІэ;

●салатхэм шатэм и пІэкІэ шху хэфкІэ;

●фышхэн и пэ къихуэу томатыпс е псы къызэрыгуэкІ стэкан фефэ;

●дагъэмрэ фошыгъумрэ зэбгкІ ерыскъыхэр нэхъ мащІэу зэрыфхышным иужь фит;

●пщыхьэщхьэшхэм деж лы Іыхьэ мыин пшхыныр сэбэпщ, сыту жыпІэмэ, абы хэлъ аминокислотахэм щэр зыгъэткІу гормонхэр нэхъ жыджэр ещІ;

●фыщыту зэи фымышхэ, фыхуейфхыуэмеймии нэхъыбэ фшхынущ.

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: 1. Псэущхьэхэм я теухуа таурыхъ. **3**. ЩхьэусыгъуэгъэрКІэ къуажэр зыбгынэу губгъуэм, мэзым зыщІызыгъэпщкІуу щытам зэреджэ. **7**. Америкэ Ипщэм щыщ къэрал, мелуан 40-м щІигъу щыпсэуу, футболыр Іыхьэлейуэ фІыуэ щалъагъуу. **8**. Теуинэ Хьэчыч, Сокъур Мусэрбий, Хьэжуащэ Андрей, Къэжэр Пётр сымэ я къуажэ. **9**. Мэш хьэуазэ. **10**. Адыгэш къабзэ. **13**. Іугъуэ куэдрэ къызриху уэнжакъым кІэрещІэ. **14**. 2014 гъэм Урысей Федерацэм къыгухьэжа щІыналъэ. **17**. Гъатхэм пасэу ди щІыпІэм къэлъэтэж къуалэбзу. **19**. Дэрбэзр Іэмэпсымэ. **22**. КъурІэн тхылъым и щхьэм теплъхьэ хъу ерыскъыу. **24**. ГушыІэр ... и щІасэщ. **29**. Школым щадж дерс. **31**. Хадзэкі. **32**. Адыгэ композитор цІырыІуэ, «Бланэ щалъху мэкІуэж», «Мазэгуэ жащ», «Лэскэн хъыджэбз» икІи нэгъуэщІ уэрэд дахэ Іэджэм макъамэ щІэзыльхьа. **33**. Бахъэкан районым щыщ къуажэ - балъкъэру 800, адыгэу 500 хуэдиз щыпсэуУэ. **34**. Фызыжьым ... щыгъэ егъажэ. **35**. Ябыныкъуэ псэущхьэхэм я щІыфэм хищІэ хьэпІащІэ.

Къехьу: 1. Дзэлыкъуэ районым щыщ къуажэ. **2**. Ябыныкъуэ хьэрып щІыхухьуэхм пыІэ папщІу я щхьэм крашэкІ щэкІ. **4**. Зи гъэгъахэр гъуэжь, зи тхьэмпэхэм банэ къытекІэ удзыжь. **5**. Къэбэрдей усакІуэ, «Нур» журналым и тхьэмадзу илъэс Іэджэкіэ лэжьа. **6**. Ахьн тенджызым и Іуфэм Іус къалэ-курорт. **11**. ПІастагхэ. **12**. ... вы бжьакъуэм къокІ. **13**. ЦІыхубз щыгъын. **15**. Губгъуэм, мэзым къыщыкІ пхъэщхьэмыщхьэ гуащІэ цІыкІу. **16**. Волгэ псым адыгэхэр зэреджэу щытар. **17**. Хадзэм зэрилажьэкьхь Іэмэпсымэ. **18**. Ди гъунэгъуэм Іэщ ... иІэщ. **20**. ... куэбжэ зиІэ ... мастэ щощІэ. **21**. ПшахьуэщІ. **23**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **25**. Бжьыхьэм хасэу гъатхэкІэм, гъэмахуэпэм кърахьэлІэж гъавэ. **26**. Іэпщэ къаруушхуэ зиІэ цІыху. **27**. Районицым я тхьэмадзу чэзу-чэзукІэрэ лэжьа, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь. **28**. ПщІантІэхьэ, хьэшхуэ. **30**. УзыкІуэцІрымыплъыф хьэуа. **32**. Аушыджэр къыщыхьуа адыгэ усакІуэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ЩэкІуэгъуэм и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **2**. Дыд. **5**. Мыщэ. **7**. Епэр. **9**. Бланэ. **10**. КІагуэ. **12**. ШыкІэ. **14**. Ней. **15**. Гъуэгъуэ. **17**. Бжэгъу. **21**. Къэнан. **22**. Хьэрэ. **23**. Хьэблэ. **26**. Хьэпс. **27**. Къулыкъу. **30**. Сэмб. **31**. Бжьын. **32**. Нып. **34**. Къхъжьей. **36**. Мажьэ. **38**. Псапэ. **39**. Брул. **40**. Фэнд. **42**. Пхъэ.

Къехьу: **1**. Гъум. **2**. Дэлэн. **3**. Дунай. **4**. Ер. **6**. Щыгу. **8**. Псы. **11**. Абгъуэ. **13**. КІагъуэ. **16**. Гъуанэ. **18**. Журт. **19**. Къундэпсо. **20**. Щхьэлыкъуэ. **24**. Лэкъум. **25**. ТІыхъужь. **28**. Псыжь. **29**. Иныжь. **32**. Насып. **33**. Пыпхэ. **35**. Ежьу. **37**. Афэ. **39**. Бо. **41**. Ду.

Дамэгъэв

● Сабий джэгукІэхэр

ЩІалэ цІыкІуэр тІурытІу зэдзэджэгуу щытащ. Я ныбжькІэ, я хьэлъагъ-псынщІагъкІэ зэхуэдизу щІалэ цІыкІуитІым пхъэидзэ ящІырти, зохагъэкІырт хэт япэ «шэсынуми». Зи пхъэ къикІар адрейм и пщэдыкъым дэтІысхьэрт, и лъакъуитІыр «шым» и гупэмкІэ едзыхауэ. Пщэдыкъым дэсым зи пщэдыкъым дэсым и щхьэ, и дами, и блыпкъэ иубыд хъунукъым. Абы щыгъуэми зи пщэдыкъ дэсым дауэрэ зищІми хэтщ. Ар дольеи, къолъых, зегъэщхъ, бгъукІэ зегъэщІей, ауэ дэІэбейуэ и пщэдыкъым дэсыр Іэкіэ кърильэсфхэху хэткъым.

Аращи, зыр хущІокъу нэхьыбэрэ пщэдыкъым зэрыдэсыным, мыдрейри хуейщ и пщэдыкъым дэсыр нэхъ псынщІэІуэу къридзыхьу зыІэзрахъуэкІыну. Зи пщэдыкъым дэсым и пщэдыкъым дэсыр нэхъ псынщІэу къридзыхьи щхьэкІэ, зригъэзэыхьурэ джэламэ (зэтеджалэмэ), хэтхъым. Ауэ езыр лъакъуэкІэ зэфІэту, щІым Іэкіэ емыІусауэ къанэмэ, и пщэдыкъым дэсар къригъэхуэхмэ, абы щыгъуэ зыІэзрахъуэкІ.

Пщэдыкъым дэсым и лъакъуитІыр зи пщэдыкъым дэсым и гупэмкІэ щыІэридзэу хэтхъым. Ещхьырыгъабзэу, абы и пщэр куэпкъэхэмкІэ икъуэ хъунукъым. Зи пщэдыкъ дэсым и блэгущІитІымкІэ и лъакъуэхэр щІихыу и щІыбагъымкІэ щІэзыгъдзэ, щІэзригъэубыд хъунущ, ауэ абы щыгъуэм ар зи пщэдыкъ дэсым нэхъ игъэбэлэрыгъыфу къригъэхуэхыфыну Іэмал нэхъ щыІэщ. Пщэдыкъым дэсыр бзаджагъэ, Іэзагъэ хилъхьэу къригъэхуэхамэ, езыр и джэгуэгъуэм и пщэдыкъым дотІысхьэри, адэкІэ пащэ.

МАФІЭДЗ Сэрэбий.

МэшбащІэм и тхылъхэр хьэрыпыбзэкІэ къыдокІ

АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ Мэшбащ1э Исхьэкъ и «Щхьэл мывэхэр» романыр хьэрыпыбзэкІэ иджыблагъэ дунейм къытехьащ. Ар зэридзэкІащ Сирием къикІыжауэ Ерокъуэ къуажэм щыпсэу Тхьэкъуачхьуэ Уэлид.

Уэлид Сирием и ТхакІуэхэм я союзым хэтщ, хьэрыпыбзэмрэ франджыбзэмрэ фІыуэ ещІэ, и анэдэлъхубзэр дахэу егъэщэрыуэ. Абы зэридзэкІауэ иужьрей ильэсиплІым къыдэкІащ Мэшбащ1эм и Іэдакъэщ1экІэу «ХьэІишэт», «КъуэкІыпІэмрэ Къухьэпіэмрэ», «Ирахахэр», «Хэхэсхэр», «Гъэриті», «Джаусс», «Хьан-Джэрий» тхыдэ романхэр.

Ильэс 20 ипэкІэ «Бзаикъуэ зауэр» хьэрыпыбзэм иригъэзэгъауэ щытащ Хъуажь Мухьэмэд-Хъер.

Тхьэкъуачхьуэм зэридзэкІа романхэр, я бжьигъэр щитхущитху хъууэ, Мейкъуапэ дэт «ГУРИПП» полиграфкомбинатым щытрадзащ. Ахэр хьэрыпІ къэрапхэм ис ди лъэпкъгъуэхэм Іэрагъэхьэ, щІэупщІэшхуэ иІэу зэбграх, щІаджыкІ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Тхакіуэ щэджащэхэр

Шиллер Иоганн Кристоф Фридрих

Нэмыцэ усакІуэ, философ, тхыдэтх, драматург Шиллер Иоганн Кристоф Фридрих 1759 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м Германием и Ипщэ-къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ Вюртемберг герцогствэм хьихьэ Марбах-на-Неккаре къалэ цІыкІум къыщалъхуащ. И адэ Каспар Иоганн Илъэсибл зауэм хэтати, Фридрих илъэсих хьуху зыпІар и анэм и закъуэщ.

Абы еджэн щыщІидзар Лорх къуажэрщ. Ялэ махуэм щегъэжьауэ щІэныгъэм дихьэхат щІалэ цІыкІур икІи и егъэджакІуэр хуабжьу игу ирихьырт. ИужькІэ, Людвигсбург мэІэпхъуэри, латин школым кІуэуэ щІедзэ. Абы илъэсиплІкІэ щеджа нэужь, апхуэдизкІэ фІыуэ зригъэщІат латиныбзэри, а бзэмкІэ усэхэр зэхелъхьэ, рим усакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІэр зэредзэкІ. Сабий гурыуэр щхьэзрыгуэкІ дерсхэм дахьэхьыртэкъым. Ауэ абы и гур хигъахъуэрт Людвигсбург уардэуэнхэм махуэхуэ гуэр щекІуэкІмэ е театр теплъэгъуэхэр щІилъагъуэмэ. Аращ абы ялэ дыдэу оперэ щызэхихар, балет, драмэ щІилъагъуар. Унэм кІуэжа нэужь, абы езым театр теплъэгъуэхэр зэхилъхьэрт, илъэгъуахэм запищІыжу джэгурт, иужькІэ езыми зыгуэрхэр зэхилъхьэ хъуат.

Шиллер и Іэдакъэщ1экІэхэр къыщащІыхыр Германием и закъуэкъым, атІэ къэрал куэдым щоджэ. Абы итхахэм ящыщщ «Оды к радости» жьыхуІэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, абы и псалъэ зэрагъэзэхуэжаращ Европэ союзым и гимн ящІар.

Бзэм и щэху псоми фІыуэ щыгъуазэ, зи гупсысэр Іэзэу зэхэзыІуэтэф Шиллер и псалъэ куэд щэрыуэ хьуащ. Шиллер дунейм къыізрытехьэрэ илъэси 100 зэрырикъур 1859 гъэм щагъэлъэпІар Европэм и закъуэкъым, атІэ США-м пщІэ щыхуащІащ абы и фэеплъым.

Шиллер и Іэдакъэщ1экІэхэр гукІэ зрагъащІэу щытащ, XIX лІэщІыгъуэм щегъэжьауэ школым зэрыщрагъаджэ тхылъхэм хагъэхьэ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Унэм зэрыщыэзІзэз Іэмалхэр

ЦІыхум и бгъэр, и тэмакъыр узмэ, псчэмэ, щІыІэ хьихьамэ, кІэртІоф укъэбза ягъавэ, абы и бахьэ пщтырымкІэ сымаджэр ягъэбаУэ, ипсри ирырагъэф. Ар сымаджэм сэбэпышхуэ хуохъу.

* * *

Къазым, бабыщым я зэзыр фом халъхьэ, фІыуэ зэІащІэри, и щхьэр тепІауэ щІыІэпІэ-кІыфІыпІэм мазуиц-лІыкІэ щагъэув, зэхэшыпсыхьэм щхьэкІэ. А фо зэхэшыпсыхьар цІыхум и Іэпкъпъэпкъым бэгъа иЗмэ щаухуэри ягъэхъуж.

* * *

Нартыху тхъафэм, щхьэцым къыщІэвыкІам и псым уефэмэ, тхьэмщІыгъумкІэ, жьэжьеймкІэ сэбэпщ.

* * *

Дэ купщІэ гъэлыгъуа пшхымэ, уи кІэтІийкэр егъэкъабзэ.

* * *

Фор бегъымбар шхыну ябж икІи сыт хуэдэ узыфэми и сэбэпу къалъытэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхьэ секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэхтащ (учредителхэр).
●●●●●●●●●●●●
КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалъэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэтезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
●●●●●●●●●●●●